

# 21 novanm

**Paske, salè peche peye se lanmò. Men, kado Bondye bay la, se lavi etènèl ki nan Jezi Kris, Senyè nou an.** Women 6. 23

**Donk, kounye a, pa genyen okenn kondanasyon pou moun ki nan Jezi Kris.** Women 8. 1

## **Dis Pawòl yo (konklizyon)**

Dis Kòmannman yo gen yon bagay ki atire atansyon tout moun, yon bagay lòt nivo. Men, se kouman nou aplike yo nan pwòp lavi nou? Nou chak ki la poze tèt nou kesyon, antre nan konsyans nou, sonde sa ki nan kè nou. “Jijman Senyè a se verite, yo pa janm nan patipri” (Sòm 19. 9). Yo montre nou, sa nou ye nan fon kè nou. Bondye egzamine eta nanm nou. “Tout bagay aklè, yo tou louvri devan je sila na gen pou nou rann kont lan” (Ebre 4. 13).

Lè nou konstate bagay sa, Bondye pa epaye pèsonn. Okontrè, Li deklare Li pap pran sila ki koupab la pou inosan, e “salè peche se lanmò”. Li dwe egzekite jijman li a. Kisa nou ta dwe fè? Nou poukont nou, nou pa gen okenn solisyon pou nou sove tèt nou.

Men, levanjil la pa abandone nou poukont nou. Bondye fè entèvansyon li ak bonte pou li fè sa nou pat kapab fè a. Lalwa jije nou e li di nou koupab, men Bondye te voye Pitit li a, Jezi, ki koresponn ak tout sa lalwa te egzije yo. Anplis de sa, se li menm sèl ki mouri nan plas nou pou li kapab pote chatiman nou te merite a. Donk, kretyen an pa anba kondanasyon Bondye ankò, jistis Bondye a kouvri li. Bondye pa mande nou ankò pou nou ka jwenn jistis grenmesi zèv nou yo. Grenmesi zèv san manke anyen Kris la, nou resevwa lavi etènèl, e nou vin gen kapasite pou nou renmen Bondye e pou nou renmen youn lòt menmjan Kris la te renmen nou an : “Lanmou akonpli lalwa” (Women 13. 8-10; Jan 13. 34).

# 21 novembre

**Le salaire du péché, c'est la mort ; mais le don de grâce de Dieu, c'est la vie éternelle dans le Christ Jésus, notre Seigneur.** Romains 6. 23

**Il n'y a donc maintenant aucune condamnation pour ceux qui sont dans le Christ Jésus.** Romains 8. 1

## **Les dix paroles (conclusion)**

Les “dix Commandements” ont quelque chose d'impressionnant, de majestueux. Mais quelle application en faire dans sa vie personnelle ? Chacun d'eux nous interpelle, touche notre conscience, sonde notre cœur. “Les jugements de l'Éternel sont la vérité, justes tous ensemble” (Psaume 19. 9). Ils nous montrent ce que nous sommes au plus profond de nous-mêmes. Dieu examine notre état intérieur. “Tout est nu et découvert aux yeux de celui à qui nous avons affaire” (Hébreux 4. 13).

Devant ce constat, Dieu ne nous excuse pas. Au contraire, il affirme qu'il ne tient pas le coupable pour innocent, et que “le salaire du péché, c'est la mort”. Le jugement doit être exécuté. Que faire ? Livrés à nous-mêmes, nous demeurons sans solution pour en être délivrés.

Mais l'évangile ne nous abandonne pas à nous-mêmes. Dieu est intervenu avec bonté pour accomplir ce que nous étions incapables de faire. Nous sommes jugés par la Loi et déclarés coupables, mais Dieu a envoyé son Fils, Jésus, qui a répondu parfaitement aux exigences de la Loi. Bien plus, unique substitut, il est mort à notre place pour porter la peine que nous méritions. Le croyant n'est plus sous la condamnation de Dieu, il est revêtu de la justice divine. Dieu ne nous demande plus d'acquérir la justice par nos œuvres. Sur la base de l'œuvre parfaite de Christ, nous recevons la vie éternelle, et nous sommes rendus capables d'aimer Dieu et de nous aimer les uns les autres comme Christ nous a aimés : “L'amour est le tout de la Loi” (Romains 13. 8-10 ; Jean 13. 34).